

BUREAU DES AVOCATS INTERNATIONAUX

3, 2ème rue Lavaud, B.P. 19048
Port-au-Prince, Haiti
244-7987/244-7988, Fax 244-7986
Email: avokahaiti@aol.com

Pòtoprens, Lendi 11 Jivè 2011

Biwo Avoka entènasyonal yo (BAI) ap raple pou pèp ayisyen ke nan dat 25 Janvyè 2005, fanmi viktim sa yo : **Abdias JEAN**, jounalis yo te asasine nan katye popilè yo rele « Vilaj de Dieu », nan dat 14 Janvyè 2005 ; **Ederson JOSEPH**, yon elèv lekòl Nasyonal Colbert Lochard, yon kòmandò polisye ki te abiye an nwa ak kagoul nan figi yo, te touye 17 Janvyè 2005, nan lakou lakay li, nan Ri Estime, sou fò nasyonal ; **Jimmy CHARLES**, yon anplwaye TELEKO, ki te manm pati politik Fanmi Lavalas, lapolis te arete san manda 5 Janvyè 2005, e mete nan gadavi nan Antigang, apre 8 jou fanmi l t al jwenn kadav li nan mòg lopital jeneral, 13 Janvyè 2005. Fanmi viktim sa yo te pote plent nan Pakè Pòtoprens nan dat 25 Janvyè 2005 kont otorite ki te la yo, patikilyèman, Premye Minis defakto a, Mesye Gerard Lalortue, minis jistis ak Sekirite Piblik la, mèt Bernard Gousse, sekretè Deta sekirite piblik la David Bazil ; Direktè jeneral PNH, Leon Charles, Direktè depatmantal lwès PNH la, Renan Etienne ak ofisyè polis ki te fè krim yo. Chak responsab Leta sa yo te patisipe de prè ou de lwen, kòm otè entelektyèl nan asasina **Abdias JEAN**, **Edson JOSEPH** ak **Jimmy CHARLES** nan dat ki site pi wo a.

BAI konstate lajistis nan peyi Dayiti konstitiye yon veritab anpèchman pou etablisman yon Eta de dwa pèp ayisyen ap reklame depi byen lontan, men li prefere fè tèt li pase pou prensipal enstitisyon k ap bay jarèt a enpinite, ensekirite ak enstabilite nan peyi a. Poutèt sa nan dat 24 Janvyè 2006, Enstiti pou Lajistis ak Demokrasi an Ayiti (IJDH) ak BAI te depoze yon petisyon devan komisyon entè amerikèn dwa moun (CIDH) pou ka Jimmy CHARLES la kont Repiblik Dayiti. Nan dat 18 Avril 2006, komisyon an te voye yon rekèt bay Leta ayisyen, pou l mande l yon repons nan yon delè ki pa depase 2 mwa. Leta Ayisyen pa janm reponn.

Nan lane 2004 - 2005, Premye Minis Gerard LATORTUE ak Minis Jistis ak Sekirite Piblik la mèt Bernard GOUSSE kòm manm Konsèy Siperyè Polis Nasyonal la (CSPN) te nan tèt yon fòs represiv ki t ap vyole sistematikman dwa moun nan peyi Dayiti. Pouvw a jidisyè a fayi nan misyon l ki se bay jistis a tout moun ki viktim zak kriminel.

Pou tout rezon sa yo BAI ekri Prezidan Sena a jou ki lendi 11 Jiyè 2011 lan, pou mande l sezi Wot Kou de Jistis epi ekri Chanm depite a nan menm dat la pou mande yo pwononse sou mizanakizasyon kont gwo otorite sa yo : Mesye Gerard LATORTUE, mèt Bernard GOUSSE, Mesye David Bazile ak konpayèl yo. Se pou Sena Repiblik la transfome l an Wot Kou de Jistis pou jije yo pou krim yo te komèt sou 3 jèn gason sa yo : **Abdias JEAN**, **Ederson JOSEPH** ak **Jimmy CHARLES** pandan yo te sou pouvw a yo nan lane 2004 rive 2006, jan atik 185, 186, 187, 188, 189 e 190 konstitisyon Ayisyen 1987 la di sa a.

Pou BAI : Mèt Mario JOSEPH, Direktè, Biwo Avoka Entènasyonal, BAI